

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangaruh pangwangunan nu teu bisa ditolak, nya éta ayana parobahan ajén-ajén kahirupan di masarakat. Dina kaayaan saperti kitu, ajén budaya anyar tacan ngawujud, sedengkeun di sisi séjén rupa-rupa unsur jeung ajén-ajén heubeul geus mimiti ngurangan atawa laleungitan, balukarna masarakat jadi teu ajeg lantaran leungiteun ajén anu jadi cecekelan sarta ageman dina nyorang tujuan hirupna.

Ku sabab kitu, saméméh kabudayaan nasional ngawujud tur ngarekahan, kudu aya upaya pikeun ngawanohkeun jeung mekarkeun ajén-ajén kabudayaan daérah ka masarakat. Salahsahiji kabudayaan daérah anu masih kénéh dimumulé jeung dilaksanakeun ku masarakatna, nya éta upacara adat nikah Sunda. Lengkep henteuna éta upacara adat nikah Sunda anu dilaksanakeun ku masarakat Sunda, dilantarankeun ku sababaraha hal, di antarana kamampuh jalma nu mingpin éta upacara adat atawa kaayaan pangaboga jalma nu ngayakeun éta upacara adat.

Hal séjénna nu mangaruhan lengkep henteuna upacara adat nikah Sunda, nya éta kondisi lingkungan. Bakal béda lumangsungna hiji upacara adat antara di kota jeung di désa-désa. Beuki deukeut ka kota beuki réa upacara adat nu laleungitan. Ieu hal téh bisa jadi, upamana balukar tina sikep jeung kendorna pamingpin adat dina mageuhan tali karuhun, lantaran ngindung ka waktu, mibapa ka jaman téa.

Sifat kabudayaan téh dinamis, kitu deui masarakatna baris nyaluyukeun jeung kamekaran jaman. Rupa-rupa parobahan nu dilakukeun dina kabudayaan ku masarakat Sunda di antarana, kucara ngadumaniskeun pikeun nyaluyukeun jeung kamekaran panéka

jaman, sangkan bisa ngigelan jeung ngigelkeun pajamanan. Kitu deui dina upacara adat nikah Sunda, sajabana ti nyaluyukeun jeung kamekaran panéka jaman ogé aya tarékah pikeun mageuhan, ngamumulé jeung mekarkeun ajén-inajén warisan ti karuhun Sunda.

Ngipuk jeung mekarkeun kabudayaan nasional, kudu dimimitian ku ngayakeun inventarisasi unsur-unsur budaya anu masih kénéh hirup sarta diparake ku masarakatna. Salahsahiji unsur budaya anu masih kénéh dipaké ku masarakatna, nya éta upacara adat nikah Sunda.

Upacara adat nikah Sunda miboga fungsi di antarana pikeun mageuhan norma-norma jeung ajén-ajén budaya anu geus diparake tur lumangsung turun-tumurun. Norma jeung ajén-ajén budaya anu disodorkeun sacara simbolis dina wangun upacara adat nikah, dilaksanakeun kalawan daria ku masarakat Sunda nu makéna, sarta dianggap hiji bagian gembleng (utuh) tur komunikatif dina kahirupan kulturalna.

Upacara adat nu miboga simbol, minangka hiji cara pikeun ngaronjatkeun lumangsungna sosialisasi. Ogé dina éta upacara adat téh, nyangkaruk ungkapan-ungkapan émosional nu mangeuhan norma-norma jeung ajén-ajén di antara anggota masarakat.

Panalungtikan kalawan ngembleng anu nyawang tina unsur struktur jeung semiotikna dina upacara adat nikah Sunda tacan aya anu ngalaksanakeun. Kakara mangrupa pedaran ngeunaan runtuyan adat nikah Sunda, sarta ngan dijojoan harti jeung maksudna saliwatan baé anu perluna wungkul pikeun kaperluan upacara nikah.

Dumasar kana hal éta, panalungtikan ajén-ajén nu nyangkaruk satukangeun runtuyan upacara adat nikah Sunda, kaasup barang-barang nu digunakeun dina éta upacara, boh disawang tina strukturna, boh disawang tina semiotikna dianggap perlu. Nu jadi margalantaranana, yén sugri réngkak pari polah, nu ngawujud dina upacara adat nikah téh ngandung harti, ma'na jeung tujuan. Pikeun mesek naon ma'nana, nya maké élmu semiotik (*semiotics*), nya éta élmu ngeunaan tanda jeung lambang (*Kamus Besar Bahasa Indonesia*,

2001), jeung ku filsafat (palasipah, palsapah), nya éta élmu ngeunaan téori nu nalungtik dasar pikiran manusa pangna boga kagiatan atawa polah saperti kitu. Pikeun urang Sunda mah, teu anéh teu sing nu disebut semiotik téh, da kapan karuhun Sunda mah tos wanoh kana 5 S (*silib, sindir, simbul, siloka, jeung sasmita*), éta téh perlambangan. Anu kudu disanghareupan ku manusa nu surti, lantip, nastiti, wawuh kana semu, apal kana basa. Éta pisan nu hayang jadi udagan dina ieu panalungtikan, cenah dina prakna nyabit-nyabit ngeunaan moral, filsafat, atikan, jeung kapercayaan, ieu hal téh pikeun leuwih ngalengkepan kana pedaran ngeunaan semiotik hususna, hasil panalungtikan dina umumna.

1.2. Idéntifikasi Masalah Panalungtikan

1.2.1. Idéntifikasi Masalah

Nikah téh ku urang Sunda mah dianggap hiji kajadian nu kacida sucina sarta luhungna (sakral, religius). Dina mapagna atawa tataharna tug nepi ka lekasanana ogé kudu aya dina situasi nu pinuh ku kasakralan, pinuh harepan jeung paneda sangkan nu nikah téh aya dina lulus banglus, jauh balahi parek rejeki, aya dina karidoan Alloh Subhanahuwataala.

Pikeun ngawujudkeun angen-angen paneda dina nikah, nya diwujudkeun dina tingkah laku budaya anu kongkrit (prak-prakan lahiriahna). Sok sanajan budaya mah robah-robah numutkeun nu ngajamanana. Tapi ari enas-enasna mah (inti sarina) nu mangrupa sistem ajén (niléy, valué) kudu ditaluntik deui. Disaring mana nu kudu dipiceun, nu bisa dioméan. Malah béh dituna kudu bisa ngayakna, mana ajén budaya nu kudu diwariskeun (transformasi ajén budaya) ka anak incu.

Upacara adat nikah Sunda téh nurutkeun kaayaanana bisa dibagi jadi tilu bagian:

- 1) Saméméh nikah (*pramarital*),
- 2) Prungna nikah (*Ijab kabul*),
- 3) Sabada nikah (*postmarital*)

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana babagian di luhur tangtuna baris kapanggih aya sababaraha pasualan nu patali jeung upacara adat nikah Sunda sakumaha dina kalimah pananya ieu di handap.

1. Kumaha runtuyan upacara adat nikah Sunda anu ngawengku saméméh nikah, prungna nikah jeung sabada nikah sarta bagian mana baé nu salawasna kudu aya jeung bagian mana anu bisa diganti atawa dileungitkeun?
2. Ajén-ajén naon nu nyangkaruk satukangeun upacara adat nikah Sunda jeung naha enya réngkak paripolah, kaasup barang-barang dina upacara adat nikah Sunda téh ngandung harti, ma'na jeung tujuan, anu miboga silib, sindir, simbul, siloka, jeung sasmita?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan nya éta:

1. Ngadéskripsikeun runtuyan upacara adat nikah Sunda anu ngawengku saméméh nikah, prungna nikah jeung sabada nikah sarta bagian mana nu salawasna kudu aya jeung bagian mana anu bisa diganti atawa dileungitkeun.
2. Ngadéskripsikeun ajén-ajén nu nyangkaruk dina upacara adat nikah Sunda jeung réngkak paripolah, kaasup barang-barang anu dipaké disawang tina harti, ma'na jeung tujuan, dumasar silib, sindir, simbul, siloka, jeung sasmita.
3. Ieu panalungtikan ogé hayang ngaweuweugan buku-buku anu medar ngeunaan upacara adat nikah Sunda anu geus aya jeung pedaran-pedaran atawa panaluntikan upacara adat nikah Sunda saméméhna.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat boh akademis boh praktis, nya éta:

1. Mangpaat teoritis, pikeun ngabeungharan jeung ngalengkepan widang paélman ngeunaan upacara adat nikah Sunda.
2. Mangpaat praktis, sangkan bisa dijadikeun cecekelan ka balaréa dina ngayakeun hajatan nikah, utamana dina prak-prakan upacara adat nikah Sunda kalawan saluyu jeung ajén atikan moral, harti, ma'na jeung tujuanana.

1.5. Anggapan Dasar

Upacara adat nikah Sunda mangrupa hasil karancagéan budaya manusa Sunda, dinamis turta teu luntur ku usum, teu suda ku jaman, tetep aya bari hirup diparaké ku sabagian gedé urang Sunda.

Upacara adat nikah Sunda ngandung ajén atikan, moral, harti, ma'na jeung tujuan. Sok sanajan ngalaman parobahan, tapi ari enas-enasna mah angger tetep dijaga.

1.6. Définisi Operasional

Sangkan écés, istilah anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan didéfinisikeun sacara operasional sakumaha ieu di handap.

- 1) Ulikan Struktur, nya eta panalungtikan anu patali jeung runtuyan (struktur) upacara adat nikah Sunda.

- 2) Ulikan Semiotik, nya éta cara ngukur masalah anu patali jeung ajén-inajen moral, filsafat, atikan, jeung kapercayaan anu nyangkaruk dina upacara adat nikah Sunda ditilik tina semiotikna, (harti, ma'na jeung tujuan)
- 3) Upacara, hartina: *“rangkaian tindakan atau perbuatan yang terikat kepada aturan-aturan tertentu menurut agama atau adat”* (Kamus Besar Bahasa Indonesia, 2001). Sedengkeun harti adat, nya éta *“wujud gagasan kebudayaan yang terdiri atas nilai-nilai budaya, hukum, norma dan aturan-aturan yang satu dengan lainnya berkaitan menjadi suatu sistem”* (Kamus Besar Bahasa Indonesia, 2001). Upacara adat téh hasil tina kabudayaan manusa. Pangna gelar kabudayaan kadorong ku opat tanaga nu jadi fitrah manusa, nya éta: cipta, rasa, karsa, jeung karya.
- 4) Nikah, nya éta hiji iketan nu suci jeung jangji nu pageuh minangka fitrah ogé katangtuan sariah. Ku nikah bakal timbul rasa cinta, tresna, kanyaah, jeung katrentreman dina nyanghareupan kahirupan laki rabi.
- Dina pandangan hirup urang Sunda mah nikah téh éstu jodo ti Pangeran, sarta dianggap hiji kajadian nu kacida sucina sarta luhungna (sakral, religius). Ku kituna, mapagna atawa tataharna tug nepi ka lekasanana ogé kudu aya dina situasi nu pinuh ku kasakralan, pinuh harepan jeung paneda sangkan nu nikah téh aya dina lulus banglus, jauh balahi parék rejeki, aya dina karidoan Gusti Alloh.